



Kòd pou konpòtman nan Travay

Preanbil

Kòd pou Konpòtman nan Travay FLA a defini kritè travay yo nan lide pou ede moun travay nan kondisyon ki desan e ki respekte dwa yo kòm moun. Kritè pou kòd yo baze sou kritè Organizasyon Entènasyonal sou Travay yo ak bon prensip travay yo rekonèt sou plan entènasyonal lan.

Konpayi ki afilye avèk FLA yo dwe konfòrme yo ak tout lwa ak règleman peyi kote travayè yo anplwaye an e egzekite Kòd Konpòtman nan Travay lan nan espas ki konsène yo. Lè gen problèm oubyen konfli sou kritè yo, konpayi ki afilye yo dwe aplike pi gwo kritè yo.

FLA a kontwole konfòmite ak Kòd Konpòtman nan Travay lan nan byen egzamine attachman ak Konfòmite ak Referans yo ak Prensip pou Kontwòl yo. Konfòmite ak Referans yo idantifye egzijans spesifik yo pou respekte kritè chak Kòd, pandan Prensip pou Kontwòl yo gide nan evalyasyon konfòmite an. FLA vle konpayi ki afilye yo pote amelyorasyon lè yo atenn kritè Kòd yo epi devlope mekanis dirab pou asire konfòmite an ap kontinye.

FLA bay on modèl kolaborasyon, responsabilite, ak transparans epi fonksyone tankou yon kanal pou chanjiman pozitif nan kondisyon travay yo. Kòm yon òganizasyon k ap fè promosyon pou on amelyorasyon san kanpe, FLA ap goumen pou li yon lidè mondal nan zafè etabli pi bon Pratik yo pou tretman travayè yo ak respè epi etik e nan fè promosyon pou kondisyon dirab kote travayè yo ap touche salè ki ekitab nan on anviwonnan travay ki an sekirite e ki respekte konsisyón liiyèn yo .

ELEMAN KOD LAN	DESKRIPSYON
RELASYON TRAVAY LAN	Anplwayè yo dwe adopte e adere ak règ epi kondisyon travay yo ki respekte travayè yo epi, omwen, proteje dwa yo dapre lwa ak règleman nasyonal e entènasyonal yo sou sekirite sosyal ak travay.
PA GEN DISKRIMINASYON	Okenn moun pa dwe sibi diskriminasyon nan travay kit nan rekritman, salè, promosyon, disiplin, revokasyon oubyen retrèt sou baz sèks, ras, reliyion, laj, kapasite fizik, oryantasyons seksyèl, nasyonalite, opinyon politik, group sosyal ak orijin etnik.
AGRESYON OUBYEN ABI	Chak anplwaye dwe jwenn respè ak diyite. Okenn anplwaye pa dwe sibi agresyon ou abi fizik, seksyèl, psikolojik ou vèbal.
MENDEV	Pa dwe gen travay fose, kit travay nan prizon, kit sou kontra, ou tout lòt fòm travay fose.
TRAVAY TIMOUN	Pèsonn pa dwe travay pi ba pase laj 15 an oubyen pi ba pase peryòd skolarite obligatwa a ki li menm pi wo pase laj sa.
LIBETE POU OGANIZE YO ANSANM E NEGOSYE ANSANM	Anplwayè yo rekonèt e respekte dwa anplwaye yo pou òganize yo an group e negosye ansanm.
LASANTE, SEKIRITE AK ANVIWONNMAN	Anplwayè yo dwe bay on anviwonnan travay ki an sekirite e ki respekte kondisyon liiyèn, ki vize anpeche aksidan ak blese ki soti, lye, oubyen rive pandan travay lan oubyen nan fonksyonnan espas travay lan. Anplwayè yo dwe pran mezi responsab pou diminye tout enpak negatif espas travay lan ka gen sou anviwonnan an.
ORE TRAVAY	Anplwayè yo pa dwe mande travayè yo pou yo travay plis pase lè nòmal ak lè siplemantè peyi kote travayè yo ye an pèmèt li. Orè nòmal pou on semèn pa dwe depase 48 èdtan. Anplwayè yo dwe pèmèt anplwaye gen omwen on jounen konplè pou repose yo apre 7 jou travay. Tout travay siplemantè dwe on bagay tou de pati yo dakò sou li. Anplwayè yo pa dwe mande siplemantè twò souvan e yo dwe rekonzase l ak yon prim. Sof nan kèk ka eksepsyonèl, total lè nomal ak siplemantè yo pa dwe depase 60 èdtan nan on semèn.
KONPANSASYON	Tout travayè gen dwa pou resevwa on konpasasyon pou on semèn travay nan on nivo ki kapab satisfè bezwen fondamantal travayè yo e ba yo on antre. Anplwayè yo dwe peye omwen salè minimòm lan oubyen on salè apropriye ki kapab pi wo pou reponn ak egzijans legal yo sou salè yo epi bay nenpòt ki maj avantaj lalwa oubyen kontra a egzije. Lè konpansasyon an pa satisfè bezwen fondamantal travayè yo ni bay on antre, tout anplwayè dwe travay ak FLA pou pran bon jan mezi pou chèche reyalize yon nivo konpansasyon k ap fè sa progresivan.